



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 30 avril 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO PRAN AKSYON POU L PWOTEJE NEW YORK PI BYEN NAN KATASTWÒF TRANSPÒ
LWIL BRIT**

***Gouvènè a Mandè Federal Gouvènman (Gouvènman Federal) pou l aji rapidman pou l ranfòse nòm ki
regilarize transpòtasyon Lwil Brit***

Ajans Leta yo bay yon Rapò Konpreyansif apre Dekrè Egzekitif Gouvènè a

Gouvènè a Anonse Pake Administratif Eta a, Regilasyon, ak Aksyon Lejislatif

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te voye yon [lèt](#) bay White House ki mande pou pran aksyon imedya pou ranfòse nòm nasyonal ak regilasyon transpòtasyon lwil brit. Lèt la te akonpaye pa [State's comprehensive crude oil transportation safety report \(rapò sekirite konpreyansif transpòtasyon lwil brit\)](#), ki te prepare pa senk ajans nan eta a an akò avèk yon [Dekrè Egzekitif](#) Gouvènè a te bay nan mwa Janvyè. Rapò a detaye dis rekòmandasyon federal enpòtan ak prezante yon pake administratif eta a, regilasyon, ak aksyon lejislatif.

Avèk Etazini ki vin tounen premye pwodiktè lwil brit nan lemond, Eta New York vin devni wout santral pou transpò lwil brit pa tren, avèk plizyè dizèn milyon galon lwil brit ka p travèse nan koridò tren eta a chak jou. Kominote nan 22 konte, enkli Buffalo, Syracuse, Utica, Albany, ak Plattsburgh, ak prèske tout nan pi gwo vwa navigab nan eta a fè pati de rezo sa a. Aksyon Gouvènè a jodi a deziyen pou l etabli mezi sekirite aktif pou ede prevni dezast ki te rive nan lòt eta yo ak nan Canada pandan enfrastrikti transpò ap adapte avèk lwil brit ka p grandi a.

“New York ap pran mezi agresif pou l pwoteje kominote nou an kont risk ki genyen nan tren ka p pote anpil lwil brit atravè eta nou an,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pandan ke transpòtasyon lwil brit nan tren ogmante anpil, regilasyon federal ak mezi sekirite rete dèyè. New York se yon gwo sant pou transpòtasyon sa a e Eta a pran yon seri de mezi aktif pou l pwoteje sitwayen nou yo kont tout sitiyasyon ijans ki kapab rive. Kounye a na p mande Gouvènman Federal, ki gen plis otorite nan domèn sa a, pou l jwenn ansanm avèk nou pou l aplike gwo refòm sekirite ki pra l pwoteje kominote nou an kont dezast lwil brit.”

Haitian Creole

Gouvènè a voye yon lèt bay Federal Government ki Mande pou Aksyon Rapid:

Gouvènè Cuomo te voye yon lèt jodi a nan White House, pou l mande aksyon rapid sou kat zafè sekirite priyorite, ki gen ladann retire machin tank ki gen mank nan sèvis; ranfòsman ak kodifikasyon mezi volontè sekirite endistri pou pwoteje transpò Bakken (lwil) brit nan tren; akselere reyalizasyon plan repons anviwonman pou pwoteje anviwonman kont lwil ki tonbe; ak devlope klasifikasyon ak tès nan Bakken ak lòt pwodwi petroleum, ki kritik nan repons pou ijans efikas lè gen dezaz. N ap jwenn let la [isit](#) la.

Ajans Leta yo bay Rapò Konpreyansif ki Detaye Aksyon Federal, Eta, ak Endistri yo:

Ane sa a, Etazini te depase Saudi Arabia pou l vini pwodikte nimewo un lwil brit nan lemond. Pi plis nan sa ki te fèt se nan zòn pwodiksyon nan North Dakota ki rele Bakken fòmasyon, ki te bay plis pase 1,000 pousan nan deseni ki sot pase a. Nan absans bonjan tiyo, Bakken brit te transpòte nan ray tren, oswa swadizan tiyo vityèl. Yon bon pousantaj nan lwil sa a kounye a ap travèse New York pou l ale rafine nan Mid-Atlantic ak Canada. Twa gwo ensidan ki enplike tranpò Bakken brit sou ray tren te reklame lavi ak pwopriyete e te devwale danje transpòtasyon materyèl danje sa a. Malgre amelyorasyon dosye sekirite eta ak federal, rapò a demontre bezwen pou estanda ki pi sevè pou machin tank tren, pi bon enfòmasyon sou karakteristik pwodwi chimik lwil brit ka p transpòte a pou asire pratik transpòtasyon ki pi sekirize, plan repons ki pi agresif pou ijans ak debòdman, ak plis sipò pou sekouris nan ka ijans.

Rapo Ajans yo te titre, *Transporting Crude Oil in New York State (Transpò Lwil Brit nan Eta New York): Yon revizyon Prevansyon Ensidan ak Kapasite Repons*, bay yon apèsi nan sekirite piblik la ak risk natirèl nan lwil brit ka p grandi a e te prepare pa NYS Departments of Environmental Conservation (DEC) (Depatman Konsèvasyon Anviwonman), Transportation (DOT), Health (DOH), the Division of Homeland Security and Emergency Services (DHSES) (Divizyon Homeland security) ak New York State Energy Research and Development Authority (NYSERDA) Rechèch Enèji eta New York ak Devlopman Otorite). Rapò a disponib [isit la](#).

Federal:

Règleman nan ray tren nan peyi a prèske totalman sou depandans gouvènman federal. Rapò a rekonèt sa, li mande pou aksyon federal sa yo:

- *Amelyore sekirite Transpòtasyon Ray tren pou Prevni Ensidan:*
 - Akselere ranfòsman règ federal pou ranplase oswa modifiye machin tank tren yo te konsidere ki gen pwoblèm prèske 82 pousan nan machin tank ka p pote Bakken brit la atravè peyi a se machin DOT-111 ki gen yon dosye sekirite fèb, e menm investigasyon konfime ke defo desen rann yo sensib pou domaj ak pèt nan materyèl danje a pandan yon derayman;

- Kòmmande ak ranfòse mezi volontè endistri ray tren an enkli: ogmante enspeksyon tras, amelyore sistèm fren ak kòmmande itilizasyon nouvo sistèm swivi teknolojik pou detèmine wout ki pi an sekirite pou tren ka p pote 20 oswa plis chajman lwil brit ; amelyore preparasyon pou repons ijans avèk plis fòmasyon ak fond ansanm avèk devlope yon resous envantè; ak mete ajou règleman pou egzije plan
 - Wout espesyal pou tren kap pote lwil brit ak amelyore règleman pou fè etablisman endistriyèl ray tren yo sijè a menm estanda ak pwotokòl enspeksyon avèk liy prensipal ray tren yo.
- *Ranfòse Pwoteksyon Anviwònman pou asire repons efikas nan debòdman:* Rapò a mande Etazini Environmental Protection Administration (EPA) (Administrasyon Pwoteksyon Anviwonman), Etazini Coast Guard ak Oceanographic nasyonal ak Administrasyon Atmosferik pou:
 - Akselere plan anviwonman ak repons enprevi, ki gide repons ensidan ak dirije resous anviwonman, ansanm avèk plan repons veso pou asire ke tank ak remokè gen pwotokòl ki reflekte risk ki asosye avèk tout de lwil brit Bakken ak lòt kalite lwil brit ki soti nan Sab Canada;
 - Mete ajou Plan Teknoloji ak Rechèch, ki pa revize depi prèske ven ane e ki ankouraje rechèch konjwen ak devlopman repons pou debòdman lwil ak pibon pratik devlopman; ak
 - Etabli yon pozisyon planifikasyon sivil nan Etazini Sektè Coast Guard New York pou toujou kontinye bay òganizasyon pou sipòte preparasyon New York pi byen.
 - *Amelyore Preparasyon Ijans:* Rapò a mande pou:
 - Komite Ekspè United Nations nan Transpò materyèl danjere pou rekòmmande yon nouvo klasifikasyon ak mak inik pou lwil brit Bakken, sa ki pral pèmèt anbalaj efikas ak enfòmè sekouris yo ak regilatè yo sou kalite pwodwi ka p transpotè a;
 - USDOT pou restore fon ki te koupe pou Pwogram Sibvansyon Prepaasyon Ijans Materyèl Danje a, ki sipòte efikasite lokal nan sekirite ak jere materyèl danje aksidan ak ensidan ak pou ankouraje yon apwòch konpreyansif nan fòmasyon ijans ak planifikasyon nan enkòpore defi inik nan repons a sitiyasyon transpòtasyon; ak
 - Depatman Homeland Security Etazini pou mete ajou lis ekipman otorize ki kalifye pou finansman sibvansyon pou enkli ekipman ki pou konbat dife lwil.

Aksyon Endistri:

Rapò a souliye enpòtans angajman ak devouman total endistri a. Anplis de mande sipò pou aksyon leta ak federal ki souliye anwo a, rapò a espesyalman bay detay sou ki kote ofisyèl endistri yo dwe angaje pou yo pote amelyorasyon, enkli demann pou:

Haitian Creole

- konpayi ray tren yo pou aplike yon sistèm aksè enfòmasyon ki baze sou entènèt nan finisman 2014 la, ki ta dwe menm jan avèk aktyèl CSX NOW pou l bay enfòmasyon nan tan reyèl sou materyèl ki gen danje yo;
- Akselere yon analiz risk detaye pou lwil brit, menm jan avèk sa lòt materyèl danje yo, pou ede nan detèminasyon wout ray ki pi an sekirite pou tren avèk 20 oswa plis machin lwil brit. Analiz sa ta konsidere kèk faktè tankou volim, tan vwayaj la dire, kantite popilasyon kap viv òlon wout la, kapasite repons ijans lokal la, kalite trak ak sistèm siyal yo;
- Angaje kominote toupatou nan Eta Nouyòk pou diminye enkyetid sou sekirite piblik anjeneral ak nenpòt enpak anviwònman;
- Amelyore kapasite sekouris ijans yo nan nivo eta ak lokal ; e
- Angaje pou diminye enstabilite petwòl bwit Bakken lè li retire yon fason aktif gaz disou anvan livrezon pa vagon.

Gouvènè a anonse Refòm nan Eta a:

Nan yon efò pou abòde enkyetid ki pi imedyà anrapò ak petwòl bwit Bakken nan, anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta Nouyòk gentan pran aksyon agresif, ki gen ladan anpil enspeksyon tren plizyè kote nan eta a, egzèsis pou fwit ak preparasyon, pou foto yon egzèsis ki sot pase la ou kapab [gade la](#), pi gwo efò pou antrènman, kominikasyon ki pi plis e planifikasyon ak otorite federal yo, reprezantan endistri yo ak sekouris ijans nan nivo lokal.

Anplis de sa, jodia, Gouvènè Cuomo anonse yon ansanm agresif ki gen refòm administratif, regilatwa ak lejislatif pou ranfòse pwosedi sekirite eta a ak preparasyon pou repons ijans pou livrezon petwòl bwit toupatou nan eta a. Aksyon eta sa yo gen ladan:

- *Preparasyon ak Repons pou Ijans:*
 - Chèche genyen enfòmasyon ki pi konplè sou volim ak karakteristik petwòl bwit ki transpòte e estoke nan Nouyòk;
 - Devlope yon pòtay entènèt inivèsèl ki bay aksè a pwèn kontak ijans, antrènman, don ak lòt resous pou preparasyon ak ijans;
 - Fè patnè ak òganizasyon federal, endistri ak repons lokal pou devlope yon rezo repons kle okonplè nan plizyè nivo;
 - Devlope yon bank done pou repons kle okonplè pou pèmèt deplwaman rapid ekipman;
 - Fè patnè ak ajans sekirite federal pou amelyore konsyantizasyon sou sekirite;

- Fè yon bon jan revizyon plas yo ki pa ansekirite pou evalye e anpeche modifikasyon pa eksprè ki fèt ak petwòl bwit vagon yo, ki gen ladan evalyasyon sekirite pou bagay tankou ekleraj, mezi kontwòl pou aksè e siveyans ak kapasite pou siveye; ak
 - Fè yon bon jan revizyon plan repons federal, eta ak endistri pou asire planifikasyon ak aplikasyon ki efikas.
- *Transpò dlo ak Preparasyon Anviwònman ak Fwit:*
 - Kontinye fè patnè ak U.S. EPA ak U.S. Gad Kòt pou devlope plan repons jeografik pou tout zòn nan eta a;
 - Pibliye règleman ki egzije yo vin ak pre transfè nan operasyon kote yo retire nan ray pou mete nan chaloup e pèmèt sèlman operasyon transfè nan kote ki annakò ak egzijans eta a oswa ki te apwouve pa U.S. Gad Kòt; ak
 - Devlope yon modèl ki pi efektiv pou asiste sekouris ijans yo.
 - *Mezi Sekirite pou Tren:*
 - Elaji pwogram enspeksyon raytren avèk enspektè adisyonèl e itilize ekipman otomatik pou detekte defo; e
 - Amelyore egzijans pou rapòte ensidan nan tren e asire ke yo respekte li gras a estati ki pi fèm, ki gen ladan avansman lejislasyon pou ogmante amann jiska \$25,000 pa jou lè yo pa notifiye ofisyèl eta a byen vit aprè tren an deraye.

Bud Wright, Direktè Egzekitif Asosyasyon Ameriken pou Fonksyonè Transpò nan Granwout Eta a, te di: “Chak jou lidè transpò yo kanpe devan yon defi ki se balanse demann enfrastrikti ki jenere pa yon kwasans ekonomik fèm ak pwoteje e mete sitwayen ak bizni yo ansekirite. Nou bat bravo pou efò Gouvènè Cuomo ak ajans li yo ap fè pou montre chemen an nan asire petwòl bwit ki transpòte pa tren rive san pwoblèm kote pou l vann, pandan ke lap kenbe sekirite moun Nouyòk yo kòm bagay ki pi enpòtan pou li.”

Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Joe Martens te di, “DEC ap travay aktivman ak EPA ak Gad Kòt U.S. pou ogmante preparasyon pou ijans e kapasite repons pou ensidan petwòl bwit potansyèl nan Nouyòk. Nap devlope plan repons detaye pou zòn sansib yo ni sou latè ni sou lanmè pou reponn a enkyetid sou sante piblik ak anviwònman. Anplis de sa, rapò jodia gen ladan anpil rekòmandasyon pou patnè federal nou yo pou pwoteje pi byen moun Nouyòk alòske petwòl bwit ap vwayaje atravè eta a pa tren e pa bato,”

Komisyonè Depatman Transpò Eta Nouyòk (NYSDOT) Joan McDonald te di: “Sekirite se premye priyorite nou, e nou dwe pare pou nou jere danje potansyèl ke transpò petwòl bwit la ki ogmante atravè Eta Nouyòk la lakòz. Anba direksyon Gouvènè Cuomo, NYSDOT te dirije de enspeksyon rapid tren lè li vize

estasyon triyaj yo ki wè trafik petwòl bwit pi plis. Nan de efò sa yo, enspektè NYSDOT ak enspektè federal te egzamine plis pase 550 vagon sitèn petwòl ak 15 mil ray tren pou defo, konsa yo asire ke ekipman yo an sekirite e konfòm ak règleman yo. Nou pral kontinye konsantre sou sekirite tren pou pwoteje tout moun Nouyòk.”

Komisyonè Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans Jerome M. Hauer te di, “Transpò ak mouvman petwòl bwit la pa tren atravè Eta Nouyòk la te entansifye anpil sèlman nan kèk ane ki sot pase. Reyalite sa te kreye yon pi gwo potansyèl pou ensidan ijans fèt e pèsònèl repons lan nan tout nivo gouvènman dwe pare pou posibilite sa. Rapò sa montre pwoblèm nan e idantifye etap ki pral pran pou ni diminye potansyèl pou yon ensidan rive ni bay rekòmandasyon ki pral afekte rezilta yo nann yon bon sans si toutfwa yon ensidan ta rive. DHSES angaje pou diminye enpak yon ensidan ijans petwòl bwit ta genyen lè lap travay ni ak Eta nou ni ak patnè lokal nou pou aplike dispozisyon ki nan rapò sa”

Komisyonè Lasante Eta a ki pa enterim Dr Howard Zucker te di: “Anba lidèchip ak direksyon Gouvènè Cuomo, Nouyòk ap pran aksyon rapid e agresif pou pwoteje sitwayen li yo ak anviwònman kont danje transpò petwòl bwit ki soti nan chan petwòl Bakken lakòz. Etabli estanda nasyonal obligatwa pou vagon ki pi ansekirite e pou metòd transpò se yon nesosite, e DOH pral kontinye travay ak Gouvènè ak ajans lòt eta yo pou pwoteje moun Nouyòk yo ak kominote yo.”

John B. Rhodes, prezidan ak ofisye egzekitif anchèf, NYSERDA, te di: “Gouvènè Cuomo te chèche yon fason ki agresif pou pwoteje kominote ak anviwònman kote transpò petwòl bwit la, ansanm ak materyèl danjre, ap fèt. Eta a ap chèche asire ke enfòmasyon apwopriye ak mouvman materyèl yo koòdone ak endistri a pou bay sante ak sekirite pou rezidan yo, pwoteksyon resous natirèl Nouyòk ak sipò aktivite ekonomik ki depann de materyèl sa yo.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418